



Èske gen oken pogram pou ede moun peye pou travay sa a ?

Lokalite a ap ofri yon pogram ki pote non angle MSBU kòm yon opsyon pou mèt kay pou bay yo èd finansyè lè y ap ranplase kanal ki graze nan antre kay yo.

Pogram pou ede ranplase kanal yo ofri mèt kay mwayen pou yo remèt lajan yo fè travay pou ranplase kanal yo apre travay la fèt nan enpo y ap peye chak ane sou yon peryòd 10 an. Si w bezwen plis ransèyman pou w konn si w kalifye kontakte n sou adrès sa a clearyl@ stlucieco.org oswa rele biwo sa a Saint Lucie County Water Quality Division nan 772-462-1435. Yo kab egzije w kèk kondisyon.

Ki kalite tiyo yo kite moun pase anba popriyete leta nan rejyon an?

Yo pèmèt moun pase manman tiyo ki konfòm ak règleman Biwo Transpò nan Eta Florid. Kontakte biwo sa a Water Quality Division si w bezwen plis ransèyman.

Konbyen tan m genyen pou m fini travay yo mande m fè nan pèmi an?

Pèmi an bon pou 6 mwa kòmanse sou dat yo bay li a.

Èske m bezwen yon pèmi remiz machin pou m agrandi kote m remize machin mwen ki ant lari a ak lakay mwen an?

Non. Pèmi St. Lucie County bay la se sèlman pou travay nan kanal ki ant lari a ak popriyete w la.



**St. Lucie County
Water Quality Division**
2300 Virginia Avenue
Fort Pierce, FL 34982
772-462-1435

www.stlucieco.gov

@StLucieGov



KANAL NAN RANTRE KAY LA
Kouman nou kab ede dlo lapli sikile nan St Lucie County

Ki moun ki responsab pou fè antretyen antre remiz machin nan?

Reparasyon nan antre remiz machin ki nan rantre lakay ou, yo konsidere sa kòm amelyorasyon prive k ap fèt sou tè leta. Se mèt popriyete a ki responsab antretyen rantre remiz la ak tout kanal ki pase nan kanal la. Si w pa fè antretyen kanal la, sa kab lakòz kanal la bouche epi sa ka lakòz dlo anvayi swa popriyete w la swa popriyete vwazen ou.

Ki jan m fè konnen si m bezwen pèmi?

Si popriyete w la konekte ak wout vil la fò w aplike pou yon pèmi pou antre remiz kay la. Si w vle ajoute yon lòt antre remiz sou popriyete w la oswa ou vle repare oswa amelyore rantre remiz lakay ou fò w gen yon pèmi anvan w kòmanse travay la.

Kouman pou m fè konnen si wout ki pase devan lakay mwen an se yon wout minisipalite a responsab?

Kontakte Biwo ki responsab afè popriyete nan zòn nan nan 772-462-2825, epi mande yo verifye si ou konekte ak yon wout ki sou responsablite lokalite kote w ye a.



Konbyen pèmi yo koute?

Si w ap amelyore yon antre remiz ki te déjà la, sa ap koute \$25. Si ou pral batи yon nouvo antre remiz, pèmi an koute \$155. Si nouvo remiz ou vle ajoute a fèt an koub, sa ap koute \$155, kalite pèmi sa a bon pou tou de.



Ki sèvis m ap jwenn pou kòb pèmi an?

Minisipalite ap voye enspekte popriyete a pou kalkile ak ki distans ou dwe mete manman tiyo a (si w bezwen youn) nan kanal la, y ap fè w konnen tou ki longè epi ki gwo sè manman tiyo a dwe ye. Minisipalite a egzije yon manman tiyo ki omwen 30' an longè epi 15" an lajè.

Minisipalite a ap fè yon dènye enspeksyon pou verifye travay la ranpli tout kondisyon pèmi a egzije yo. Ranpli tout aplikasyon, y ap bezwen tout enfòmasyon yo pou konplete pèmi w lan tousuit.

Èske règleman minisipalite a menm ak règleman vil Port St. Lucie ak vil Fort Pierce pou pèmi an?

Non. Tanpri li pèmi ou resevwa a nèt anvan ou kòmanse travay la. Minisipalite a gen règleman ki diferan pase vil yo. Tout enfòmasyon ki enpòtan ap nan pèmi an.